УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№15 (13877)

Черкес хэку

2024 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 2, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр сомИ 3-щ

Конституцэм и Махуэм

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ!

Дывохъуэхъу Конституцэм и Махуэм и щIыхькIэ!

1996 гъэм гъатхэпэм и 5-р — Къэрэшей-Черкесым и тхыдэм и махуэ хэIэтыкIахэм ящыщщ. Апщыгъуэращ къыщащтар республикэм и Хабзэ Нэхъыщхьэр. Нобэр къыздэсым КъЧР-м и Конституцэр властым и лэжьыгъэм и лъабжьэу къыдокIуэкI, Урысей Федерацэм и хэгъуэгуу щыткIэрэ, зэпымыууэ ипэкIэ кIуэтэныр, зиужьыныр къыздихьу. Лъэпкъ куэду зэхэт, дин зэхуэмыдэхэр здызэрахьэ ди республикэмкIэ мыхьэнэ хэха зиIэращи, Конституцэр — жылагъуэм и мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я телъхьэщ.

Аращ езыри нобэ, Конституцэр къызэращтэрэ илъэсипщI зыбжанэ щытекIыжами, абы елэжьахэм, къэзыщтахэм — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэм, КъЧР-м и Минюстым и IэщIагъэлIхэм, экспертхэм, республикэм гудзакъэ зиIэ и цIыхубэм фIыщIэ щIахуэтщIыр. ЦIыхубэм и къыхэлъхьэныгъэмрэ и чэнджэщхэмрэкIэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ Хабзэ Нэхъыщхьэм.

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ! Ди хэку цIыкIум, къытщIэхъуэ щIэблэм, псоми фIыщэу тлъагъу ди къэралым яфI зетхуэу ди зэхуэдэ къалэнщ ипэкIэ дыкIуэтэнымрэ дылэжьэнымрэ я телъхьэ, Къэрэшей-Черкесым и Конституцэр тцIыхунымрэ пщIэ хуэтщIынымрэ.

МахуэщIымкIэ!

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и IэтащхьэI

ИВАНОВ Александр,
КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ

АРГУН Мурат,
КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ

Президентым и ЗыхуэгъэзэныгъэмкIыр

КъэкIуэну лъэщ къытпэщылъщ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Влади-мир УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хуищIа ЗыхуэгъэзэныгъэмкIэ хэтащ Къэрэшей-Черкесым и IэтащхьэI Темрезов Рэшид зи пашэу ди хэгъуэгум икIа лIыкIуэ гупыр.

«Урысейм нобэ и щытыкIэр, и къэкIуэнур къызэрыщыхъур, властым и къулыкъухэм ялэжьын хуей мурад гъэнэIуахэр, зыужьыныгъэ унэтIынигъэ нэхъыщхьэхэр, абы дызэрыхуэкIуэну IэмалхэмрэI гъуэгуанэхэмрэ, ди къэралым и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным мылъку хэлъхьэныр — аращ ди къэралым и Пашэ Лъэщым и ЗыхуэгъэзэныгъэрI нэхъыщхьэу зыхуиунэтIар.

Путин Владимир жиIащ хуитыныгъэр, мамыр гъащIэм щыпсэуныр Урысейм адэкIи зэрихъумэнур. СВО-р зэрыщIидзэрэ блэкIа илъэситIым ди къэралым и лъэщагъыр, дунейпсо терроризмэр къигъэувыIэн, ди къэралым и зэкъуэтыныгъэр ихъумэн зэрыхузэфIэкIар къигъэлъэгъуащ», — етх Темрезов Рэшид.

«Ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ – чыристанхэщ икIи муслъымэнхэщ, буддистхэщ икIи иудаизмэм тетхэщ, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэщ, хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм къикIахэщ. Псалъэ минкIэ нэхърэ, абыхэм IуэхукIэ зыкъагъэлъэгъуащ Урысейм и цIыхухэр зэкъуэту, зэрыIыгъыу лIыщIыгъуэ хъуауэ къызэрызэдэгъуэгурыкIуэр — ар псоми ятекIуэ къарущ! Зэгъусэу, зызэщIагъакъуэу ахэр зы Iуэхум — Хэкур хъумэным щIобэн», — жиIащ Путин Владимир.

— Президентым игъэбелджылащ Урысейм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтIа, мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэхэмрэ къыхэлъхьэныгъэхэмрэ. Ахэр яхьэлIащ къэралми, хэгъуэгухэми я зыужьыныгъэм. Егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, узыншагъэмрэ спортымрэ, мэкъумэш хъызмэтымрэ промышленностымрэ, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ защIэгъэкъуэныр, экономикэмрэ цIыхухэм щIыуэпс гъуэзыр яIэрыгъэхьэнымрэ, ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мрэ – лъэныкъуэгъазэ къэс программэхэр, жэрдэмхэр, дэIэпыкъуныгъэ IэмалхэрI къыхилъытащ. Псом хуэмыдэу, ди къэралым и Унафэщ Iым гулъытэ хуищIащ унагъуэм, сабийхэм, абыхэм я узыншагъэр, егъэджэныгъэмрэ социальнэ зэIузэпэщыныгъэмрэ егъэфIэкIуэным.

ЗыхуэгъэзэныгъэмкIэ ипкъ иту, Президентым къыхигъэщащ «Семья», «Продолжительная и активная жизнь», «Молодежь России», «Кадры», «Экономика данных» лъэпкъ проектыщIэхэмрэ зауэ операцэ хэхам хэтхэм яхуэгъэза «Время Героев», «Земский работник культуры», «Переселение граждан из аварийного жилья» федеральнэ программэхэмрэ зэрыригъажьэр. Ахэр хуэгъэзащ цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэным, ди къэралымрэ ди цIыхухэмрэ я зыужьыныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ.

Мы ЗыхуэгъэзэныгъэрI ди къэралым къыщымынэу, зэрыдунейуэ я тхыдэм къыхэнэнущ. Сыту жыIэмэ, ди Лъэпкъ Пашэм иджыри зэ къигъэлъэгъуащ Урысейм и лъэщагъыр, и щхьэхуитыныгъыр, и инагъыр. Дэ къытлъыкъуэтщ ди блэкIа къулейр, ауэ дяпэкIи къытпэщылъщ текIуэныгъэрэ ехъулIэныгъэрэкIэ гъэнщIа къэкIуэну лъэщ, — къыщIигъужащ ди хэгъуэгум и лIыщхьэм.

КъЧР-м и IэтащхьэмрэI и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Щэнхабзэ

Псэ лъапIагъэхэр ягъэнэхъапэ

Псыжь къуажэм махуэщI жыпхъэм иту къыщызэIуахащ сабийхэм папщIэ гъуазджэхэмкIэ еджапIэр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, еджапIэм и зэгъэзэхуэжыныгъэр 2021 гъэм ирагъэжьауэ щытащ «Культура» лъэпкъ проектым ипкъ иту.

Апхуэдэу хэщIапIэм щызэрахъуэкIащ электрикэм, зэпыщIэныгъэхэм яхьэлIа пкъыгъуэхэр, унэр зэрагъэплъ Iэмалхэр, и теплъэр ягъэщIэрэщIэжащ. НобэкIэ гъуазджэхэмкIэ еджапIэр къатитIу зэтет унэ уардэщ, ихъуреягъри зэлъыIухауэ. ЕджапIэм концертхэр щат пэшышхуэ, хореографическэ, художественнэ къудамэм ятегъэпсыхьа пэшхэр щаухуащ.

КъинэмыщIауэ, «Культурная среда» федеральнэ проектым ипкъ иту, еджапIэм макъамэ Iэмэпсымэхэр къызэращэхун мылъку къыхухагъэкIащ. Апхуэдэу, еджапIэр ягъэбжьыфIащ пианином, скрипкэм, гитарэм, радио Iэмалым, интерактивнэ пкъыгъуэхэм. ЕджапIэм япэу къыхуащэхуащ концерт пэшышхуэм щIэтыну роялри.

ГъуазджэхэмкIэ еджапIэр къызэрызэIуахыжар къуажэдэсхэмкIэ гуфIэгъуэщ, псом хуэмыдэу, ар зытегъэпсыхьа ныбжьыщIэ цIыкIухэмкIэ.

МахуэщI дауэдапщэм щыIащ Къэрэшей-Черкесым щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб, Абазэ район администрацэм и IэтащхьэI КIуж Руслан, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат Къардэн Фатимэ, творческэ интеллигенцэр, къуажэдэсхэр.

НобэкIэ гъуазджэхэмкIэ еджапIэм цIыху 339-рэ щоджэ. Егъэджэныгъэр къудамиблымкIэ щрагъэкIуэкI: фортепиано, Iэпэж, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр, уэрэд жыIэныр, эстрадэ оркестрыр, художественнэр, хореографическэр. ЕджапIэм и гъэсэнхэр мызэ-мытIэу фестиваль, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм я лауреат хъуащ, Гран-прихэр къалъэщащ.

«Къэрэшей-Черкесым и цIыху щхьэхуэхэм зэрыхалъхьар. Творческэ ехъулIэныгъэрэ гукъыдэжрэ фIеIэну!», — жиIащ Къардэн Фатимэ.

«КъЧР-м щэнхабзэмкIэ хащIэну, нобэкIэ щыIэ лъагапIэхэм щхьэпрыкIыну лъэкIынигъэфIхэр ягъуэтыну!», — къыхигъэщащ и къэпсэлъэныгъэм Агырбэ Зураб.

ЦIыхубэ ЗэIущIэм, депутатхэм, псоми къабгъэдэкIыу еджапIэм и бжэхэр сабийхэм яхуэзэрызэIуихыжам папщIэ сывохъуэхъу! Псоми тфIэгъэщIэгъуэну дыкIэлъыплъащ зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIам. ИкIи, къыхэгъэщыпхъэщ къару мымащIэ къулыкъущIапIэ, и Министерствэр ящыщщ «Единая Россия» партым и гукъэкIыфIхэр, IуэхуфIхэр цIыхухэм янэзыхьэсым. Ди республикэм сехъуэхъуну сыхуейщ щэнхабзэм зиужьынымкIэ иджыри зы лъэбакъуэ дахэ зэричамкIэ. НыбжьыщIэхэм сохъуэхъу нэхъыжьхэм я зэхэщIыкIыр зыКъэрэшей-Черкесым и IэтащхьэI Темрезов Рэшид ипэкIэ зэрыжиIамкIэ, 2024 гъэм икIэм ирихьэлIэу ди республикэм щэнхабзэмкIэ Уни 6, гъуазджэхэмкIэ сабий еджапIи 2 щаухуэнущ, щызэрагъэзэхуэжынущ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

Щапхъэ

Республикэм и мэкъумэш зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, зи гуащIэдэкI лэжьыгъэкIэ пщIэрэ щIыхь куэдрэ къэзылъэщыфа адэфIым — лэжьакIуэ цIэрыIуэ Айбазов Рэмэзан и лъэужьым нобэ гуащIафIэу ирикIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, «Кубань» мэкъумэш артелым и унафэщI Борлаковэ Маринэ и цIэр ди хэгъуэгум къыщымынэу, Урысейми къыщацIыху. Дауи, абы щхьэусыгъуэ хуэхъур ар унафэщI нэхъусауэ, къызэгъэпэщакIуэ-лэжьакIуэ къызэрымыкIуэу, гъэсэныгъэшхуэ зыхэлъ цIыхуу жылагъуэм зэрахэтращ.

Бзылъхугъэ къызэрымыкIуэ

Зэхэмылъэлъэжауэ Къэрэшей-Черкес Республикэм щылажьэ колхоз закъуэм и унафэщIу зэрыщытым къыдэкIуэу, Борлаковэ Маринэ Урысейм и бзылъхугъэхэм я Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу Союзми и пашэщ, псапащIэ IуэхуэмкIи хуабжьу жумартщ. А псоми я щхьэжу, ар щIалиплIым я анэ насыпыфIэщ.

Мы бзылъхугъэм щхьэкIэ жаIэу куэдрэ зэхыбох: «АдэфIым ипхъу щыпкъэщ, ерыщщ, зыхуигъэувыжа къалэнхэр зэзыгъэхъулIэщ, къызэгъэпэщакIуэ, унафэщI къызэрымыкIуэщI!»... И пэжыпIэкIэ аращ зэрыщытри. Нобэ Борлаковэ Маринэ и унафэм щIэт IуэхущIапIэм, цIыху пщIы бжыгъэ здэлажьэ колхозым и лэжьыгъэр къэралым щыщапхъэгъэлъагъуэщ. Абы щыхьэт тохъуэ иужьрейуэ «Дыщэ бжьыхьэ 2023» агропромышленнэ гъэлъэгъуэныгъэм «Кубань» мэкъумэш артелым и унафэщI бзылъхугъэм къыхуагъэфэща нагъыщэ лъагэр — «Женщины в АПК» Урысейпсо зэпеуэм «Суперженщина» номинацэмкIэ ещанэ нагъыщэ зиIэ ЩIыхь тхылъкIэ и цIэр къызэрыраIуар.

Шэчыншэу, ар щIыхь лъапIэщ, а зэхьэзэхуэм хэта проекти 100-м щIигъур, хэгъуэгухэм къабгъэдэкIауэ нэрыбгэ 52-рэ зэрызэпэщIэтар Iуэхум къыхэплъытэмэ.

3

Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и еханэ зэхуэшэсыгъуэм и къыкIэлъыкIуэ 53-нэ сессием хэта депутатхэр спикер Иванов Александр и унафэм щIэту Iуэху 20-м щIигъум хэплъащ. Федеральнэ хабзэ зэхэтыкIэр зэрахъуэжам къыхэкIыу, зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ республикэм и хабзэ щхьэхуэхэм.

«Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэр хэхыным теухуа» хабзэм и 20 статьямрэ 51-нэ статьям и япэ Iыхьэмрэ зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ.

ЗэхъуэкIыныгъэ халъхьащ «Къэрэшей-Черкесым и ХэхакIуэ комиссэм теухуа», «Къэрэшей-Черкес Республикэм и референдумым теухуа» хабзэхэм.

«Къэрэшей-Черкес Республикэм и граждан къулыкъум теухуа» хабзэри нэгъуэщIу ягъэпсащ.

ЕджэгъуитIкIэ къащтащ «Къэрэшей-Черкесым и концессионнэ зэгурыIуэныгъэхэм я къэухьхэм ит хабзэкъэгъэщI тхылъым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуа» хабзэм и проектыр.

«Къэрэшей-Черкес Республикэм и хабзэкъэгъэщI тхылъ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуа» хабзэм и проектыр къащтащ.

ЕджэгъуитIкIэ депутатхэр арэзы техъуащ «Ветеранхэм я категорие щхьэхуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтыным теухуа» республикэ хабзэм и 3.2 статьям еIэзэщIэным теухуа» республикэ хабзэм и проектым.

КъЧР-м и къэрал унафэщI къулыкъухэм чэзууншэу, псом япэу ирагъэблэгъэну хуит цIыхухэр ягъэбелджылащ. Апхуэдэщ:

— добровольческэ къызэгъэпэщыныгъэхэм хэтхэр, Урысей Федерацэм IэщкIэ Узэда и Къарухэм хуагъэува къалэнхэр гъэзэщIэным щхьэпэ организацэхэм зэгурыIуэныгъэ ядэзыщIахэр.

Депутатхэм къащтащ Къэрэшей-Черкесым и къэрал нагъыщэхэм щIагъу фIыщIапщIэхэр хэгъэхъуэным теухуа унафэхэм я проектхэр. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, «Къэрэшей-Черкес Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIагъэхэм папщIэ» Орденым хущIагъу ахъшэр сом мин 50-м икIынурэ сом мин 75-м нэсынущ. «ЩIыхь зиIэ», «ЦIыхубэ» щIыхьыцIэхэм зэ етыгъуэу хущIагъу ахъшэр - сом мини 10-р сом мин 20 хъунущ.

ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ

Сессием къикIыу

ЗэхъуэкIыныгъэхэр

Урысей Федерацэм и Хьэкум Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ IэнатIэм ар тетащ 1989 гъэ лъандэрэ. Фэеплъ нэху хуэфащэщ цIыху хьэлэмэтым, зи IэщIагъэм хуэIэпщIэлъапщIэу щыта лэжьакIуэм», — и телеграм-каналым щитхащ Къэрэшей-Черкесым и IэтащхьэI.

Зэпеуэ

ГъэсакIуэхэм я нэхъыфIыр

«Воспитатель года России 2024» Урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэр КъЧР-м щрагъэжьащ.

ГъэсакIуэхэм я IэщIагъэмкIэ ябгъэдэлъ Iэзагъэмрэ IэкIуэлъакIуагъэмрэ къэгъэлъэгъуэным хуэунэтIа зэпеуэр ди щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуэУ илъэс къэс щрагъэкIуэкIхэм ящыщ зыщ. Абы къызэщIеубыдэ творческэ бгъэдыхьэкIэ зи лэжьыгъэм хузиIэ гъэсакIуэ куэд.

2024 гъэм, щIышылэм (январым) зэпеуэм и муниципальнэ Iыхьэр екIуэкIащ. Абы къыщыхагъэщахэм республикэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ.

Хэгъуэгу зэпеуэр мартым и 15 нэс екIуэкIынущ. Абы кърикIуар Москва областым къыщапщытэжынущ. Абы хэтынущ хэгъуэгухэм япэ увыпIэр къыщызыхьа гъэсакIуэхэр. ГъэсакIуэ нэхъыфIу къалъытам и цIэр къраIуэнущ гъэсакIуэм и Махуэм — фокIадэм (сентябрым) и 27-м.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Унагъуэм и Илъэсым

2024 гъэр унагъуэм и Илъэсу ягъэуващ икIи абы лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд хуагъэнэIуащ. Апхуэдэу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и сабий IыгъыпIэ 12 ирызэрагъэзэхуэжын хьисэпкIэ республикэ бюджетым къыхагъэкIынущ сом мелуан 200.

Зэгъэзэхуэжыныгъэхэр

«Иужьрей илъэсхэм Къэрэшей-Черкесым сабий IыгъыпIэ куэд зэрыщаухуам, зэрыщызэрагъэзэхуэжам и фIыщIэкIэ, абыхэм кIуэну хуейуэ къызылъымыс чэзу щыIэжкъым. Лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэрэ, республикэм щыдухащ сабий IыгъыпIэ 14, яслъи 7, дэтхэнэми сабий 80 щIэхуэу. «ЕджапIэ+сабий IыгъыпIэ» щытыкIэм и къикIуэ комплекси ухуэныгъэщIэхэм къахыхьащ.

Арами, республикэм итщ зэгъэзэхуэжыныгъэфI зэгъэгъуэтыпхъэ сабий IыгъыпIэхэр. Нэхъыбэу ахэр къуажэхэм щылажьэхэращ. Унагъуэм и Илъэсым къриубыдэу сом мелуан 200 республикэ бюджетым щыщу хуэдгъэлэжьэнущ сабий IыгъыпIэхэр зэгъэзэхуэжыным», — къыхигъэщащ Темрезов Рэшид.

ГущIыхьэ Iуэхукъ

И Iыхьлыхэм яхуэщыгъуащ

Къэрэшей-Черкесым и IэтащхьэI Темрезов Рэшид яхуэщыгъуащ Урысей Федерацэм и Хьэкум Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Лебедев Вячеслав и Iыхьлыхэмрэ и гъунэгъухэмрэ.

«Дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм и Хьэкум Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Лебедев Вячеслав Михайлович.

Фэеплъ зэхыхьэм къикIыу

«ХэкIакъым я псэр лIыхъужь нэсхэм...»

Хэку зауэшхуэм щыгъуэ нэхъыбэ дыдэ жырыш (танк) зыхэта зэхэуэ здыщекIуэкIауэ ялъытэ, «Курская битва» фIэщыгъэцIэр зиIэу тхыдэм къыхэна, цIыху мелуанитI, жырыш мини 6, кхъухьлъатэ миниплI здызэпэщIэта мафIэс жыхьэнмэр зи нэгу щIэкIа зауэлI - лIыхъужьт Хьэбэз къуажэм къыщалъхуа икIи щагъэтIылъыжа Аслъэнхэ Хьэмырзэ Ахьмэд и къуэр. Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм ипкъ иту, Хьэмырзэ зыщыпсэуа унэм къыщызэIуахащ абы и фэеплъыр зыгъэщыпкъэ пхъэбгъур.

Ди лъэпкъэгъу зауэлI гуейм къикIуа зауэ гъуэгуанэр хьэлъащ. Ардыдэу зэрыщытам шэч къытуагъэхьэкъым ди хэкуэгъу лIыхъужьым зауэм Iуту къилъэща фIыщIэ нагъыщэхэм: япэ, етIуанэ нагъыщэ зиIэ Хэку зауэшхуэ орденитI, «Вагъуэ Плъыжь» медалитI, «За боевые заслуги» медалитI... А псоми къадэкIуэу Хьэмырзэ зыхэхуа зэхэуэ хьэлъэ дыдэхэм теухуа тхыдэ дэфтэрхэм ущриплъэжкIэ, Курск, Сталинград къалэхэм я Iэхэлъахэм щекIуэкIахэр щыщIэбджыкIыжкIэ, нэгум къыщIэувэр советыдзэм и сэлэтым игъэвын къыхудэхуа щытыкIэ хьэлъэ дыдэращ...

Хьэбэз къуажэми, районми, республикэми, адыгэ лъэпкъми я къуэ щыпкъэу зи гъащIэр езыхьэкIа, цIыхугъэмрэ езым хэлъа гъэсэныгъэмрэ зыгъэнэхъапэу дунейм тета Аслъэнхэ Хьэмырзэ псалъэ гуапэхэмкIэ ягу къагъэкIыжащ мы махуэм. Зэхыхьэр фэеплъ пхъэбгъу къызэIухыным хуэгъэза Iуэхугъуэу щытами, къэпсалъэхэм къыхамыгъэщ хъуакъым дадэ Iумахуэм хэлъа гушыIэшхуэр, сыт щыгъуи гукъыдэж зиIэ цIыху нэхуу дунейм зэрытетар, акъыл узэщIа зэрыбгъэдэлъар, цIыкIуи ини пщIэшхуэ яхуищIу, фIыуэ илъагъуу зэрыпсэуар... Нэрылъагъут Хьэмырзэ иджыри псэу щIыкIэ цIыху фIылъагъуныгъэм зэрыхэмынар.

Фэеплъ пхъэбгъур къызыдзэIуах зэIущIэм къеблэгъащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, ДАХ-м и вице-президент, КъЧР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий, Хьэбэз муниципальнэ район Советым и тхьэмадэ Тэмазэ Рэмэзан, район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Унэжь Олег, Хьэбэз къуажэм и Iэтащхьэ Туаршы Беслъэн, район администрацэм епха Жылагъуэ Советым и тхьэмадэ МыкIытIэ Владимир, Хьэбэз, Абазэ районхэм я военкоматым и лIыкIуэ Хьэмдэхъу Арсен, Росгвардием и хэгъуэгу Управленэм къикIа хьэщIэхэр, курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэ хэкупсэхэмрэ, къуажэдэсхэр, Iыхьлыхэмрэ гъунэгъухэмрэ. ЖыпIэнурамэ, Аслъэнхэ я пщIантIэм дэхуэтэкъым Хьэмырзэ и цIэкIэ а махуэм цIыхуу зэхыхьар.

Фэеплъ Iуэхугъуэр езыгъэжьа, щэнхабзэм и лэжьакIуэ Мамхэгъ Зуридэ кIэщIу ириплъэжащ Хэку зауэшхуэм и ветераным и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, и зауэ гъуэгуанэм.

— Нобэ зи гугъу тщIы лIыхъужьыр — Аслъэнхэ Хьэмырзэ, 1917 гъэм Хьэбэз къуажэм къыщыхъуащ. И ныбжьыр илъэс 22-м иту, 1939 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ. 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къыщыхъейм, е 4-нэ Украинэ фронтым хэту зауэм Iууващ. Старшина, отделенэм и командир, Сталинград фронтым Iута 163-нэ IэфIауэ дивизэм хэта, «Курская Дуга» мафIэсыр зи нэгу щIэкIа, Днепр псым зэпрыкIын къызыхуихуа, Киев фашистхэм къаIэщIэзыхьажахэм ящыщт ди хэкуэгъу зауэлI хахуэр.

Хьэмырзэ къулыкъум къыщыхэкIыжар, зыщалъхуа и къуажэм къыщыдыхьэжар 1946 гъэм и накъыгъэ (май) мазэращ, зауэр зэриухрэ илъэс текIыжауэщ... Апхуэдиз зауэ гъуэгуанэ хьэлъэмрэ кIыхьымрэ тетами, Хьэмырзэ емытIысэхыу, щхьэкъэмыIэту къэралым и зэфIэувэжыныгъэм хуэлэжьащ, хузэфIэкI къимыгъанэу, и цIэ фIыкIэ жариемыпцIыжу дунейм тетщ. Дэри, абыхэм къакIэлъыкIуэхэри аращ дызыщIапIыкIар.

Срогушхуэ си щхьэкIэ си адэшхуэм и лъэужьым сызэрырикIуэм. Абы хуабжьу и гуапэт къулыкъу Iуэхум, дохутыр IэщIагъэм си гъащIэр епха зэрыхъуар. Саратов военнэ медицинэ академиер къэзухри, военнэ дохутыру лэжьэн щIэздзащ, жылагъуэм сэбэп къызэрыхуэсхьыным сыхущIокъу, абыкIи, солъытэ, си адэшхуэм и фэеплъыр згъэлъапIэу».

ЩIэблэмкIэ уасэншэ гукъэкIыжхэр...

«ЩIытIым дыдэлът... Къызэхыдох фашист жырыш хьэлъэхэр къыдэбгъэрыкIуэн зэрыщIадзэр. СызыIуплъа сэлэт щIалэщIэ цIыкIум и нэгум щислъэгъуар гужьеигъуэт: здэжэныр зымыщIэм щIым зыхиIулIащ.

Зауэм и нэщIэбжьэм сипсыхьауэ зыслъытэж пэтми, бийм и жырыш хьэлъэр гызу къытхуэкIуэу къыщыслъагъум: «Си анэр зэ слъагъужатэмэ...» гупсысэращ си щхьэм япэ къилъэдар.

ФIы дыдэу сцIыхут: нэмыцэ жырышыр щIытIым пхыкIамэ, абы дэлъыр зэрыпсэууэ щIилъхьэжынут. «Ди псэр пыту дыщIатIэжынущ иджыпсту», — аращ етIуанэу сызэгупсысар...»

АдэкIэ жызыIэжар щIалэщIэращ:

«Хьэмырзэ ящыщтэкъым къыщыщIынум ежьэу щысынухэм. Сержант нэхъыщIэ Аслъэнхэ Хьэмырзэ жырышым пэщIэт лагъымыр къищтэщ, щIытIым къыдэпкIри, къытхуэкIуэ бий жырышым хуидзащ. Жырыш хьэлъэр гызу къызыщIэувыIыкIри, зэуэ мафIэ къыщIэнащ. НапIэзыпIэм абы зым зыр иужь иту фашистхэр къипкIын щыщIадзэм, Хьэмырзэ абыхэм IэщэкIэ яхэуэу хуежьащ»...

Мис апхуэдэу, адыгэ щIалэм зэрихьа гуеягъым и фIыщIэкIэ, Хьэмырзи, а сэлэт ныбжьыщIэ цIыкIури а зэхэуэ хьэлъэм къелауэ щытащ. ЗауэлIым и зы наградной дэфтэрым мыпхуэдэу итщ:

«1944 гъэм фокIадэм и 14-м Краков областым хыхьэ Сакскэ районым щыщ Плонна къуажэм щIэзэууэ, Аслъэнхэ Хьэмырзэ щхьэмыгъазэрэ ерыщу бийм пэщIэтащ, абыхэм я мафIэс хьэлъэм къыпимыкIуэту, япэ дыдэ къуажэм дыхьащ. Уэрамхэм щекIуэкI зэхэуэхэм фашисти 5 щиукIащ, зэпымыууэ советыдзэм и батальоным къахэуэ, ипэкIэ кIуэтэну лъэкIыныгъэ къазымыт нэмыцэ быдапIитI зэхикъутащ.

1944 гъэм фокIадэм и 18-м Хьэмырзэ и гупым хэт сэлэтхэр щIыгъуу фашистхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ хьэлъитI къызэпаудащ, езым и щхьэкIи нэмыцэ сэлэти 4 иукIащ».

Мы архив дэфтэр закъуэми IупщI дыдэу къыдегъэлъагъу Хьэбэз къуажэр зэрыгушхуэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран лъапIэ Аслъэнхэ Хьэмырзэ хэлъа лIыгъэр, сэлэт щхьэмыгъазэу, шынэ зымыщIэу зэрыщытар.

Фэеплъ зэхыхьэм къыщыпсэлъахэми ар къыхагъэщащ. ЩIэблэр къыхураджащ я къуажэгъу лIыхъужьым хэлъа щыпкъагъэмрэ хэку фIылъагъуныгъэмрэ я щапхъэу щытыну. Куэду щыIуащ хэкупсэ усэхэмрэ макъамэхэмрэ. ИкъукIэ я Iэпкълъэпкъхэр гъэжауэ, зауэлI фащэхэри екIупсу ящыгъыу, мы Iуэхугъуэм хэтащ Арэшыкъуэ Р. и цIэр зезыхьэ Хьэбэз курыт еджапIэм и ныбжьыщIэ хэкупсэхэр. Хьэмырзэ и щIэблэ дыдэхэу Аминэ, Руслан сымэ я дадэшхуэ лIыхъужьым хуагъэфэща усэ хэкупсэхэм къеджащ.

Къэпсэлъэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, фэеплъ пхъэбгъур къызэIуахыну хуагъэфэщащ ветераным ипхъу закъуэ Любэ, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий, Хьэмырзэ и къуэрылъху Арсен сымэ.

Я адэ, адэшхуэ лъапIэм жылагъуэмрэ властымрэ къыхуащIа пщIэмрэ щIыхьымрэ фIыщIэ псалъэкIэ пэджэжащ Аслъэнхэ я лъэпкъыр, Хьэмырзэ и къуэ Исмел.

ЛIыхъужьу зауэм Iута, цIыху щыпкъэу зи гъащIэ псор езыхьэкIа Аслъэнхэ Хьэмырзэ и щIыхьыр адэкIи зыхъумэну а пхъэбгъум къеIуатэ мамыр гъащIэр къытхуэзылъэщахэм я фэеплъыр зэрыуахътыншэр.

ЦIыхурщ, жылагъуэрщ фэеплъыр зыхъумэр. Зыщывмыгъэгъуэпщэ!

АБИДОКЪУЭ (ЩОХЪУЖЬ) Люсанэ

ЕгъэджэныгъэЕгъэджэныгъэ

Гъэунэхуныгъэхэм хуэкIуэу

2023-2024 еджэгъуэ илъэсхэм я къэпщытэжыныгъэ къэрал экзаменхэр щIидзэным зэману къэнэжар мащIэщ. КИА — къэрал къэпщытэжыныгъэ аттестацэ жыхуиIэм экзамен лIэужьыгъуэ куэд къызэщIеубыдэ: ГВЭ, ОГЭ, ЕГЭ икIи а псоми адэ-анэхэри, еджакIуэхэри тынщу щымыгъуэзэным зыри хуэIуакъым.

Абы ипкъ иткIэрэ, Черкесск къалэм дэт, зи №18 гимназием е 9-11-нэ классхэм хэсхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэIущIэ-презентацэ ядригъэкIуэкIащ еджапIэм и унафэщI Жэндар Рабият Феликс и пхъум.

— Нобэрей зэIущIэм ипэ къихуэу фахуэзащ Къэрэшей-Черкес Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и Министерствэми, Управленэми я лIыкIуэхэм, класс унафэщIхэм. Куэдым фыщыгъуэзэххэщ. Псори зытеухуар дызыхуэкIуэ экзаменхэращ. ЕджакIуэхэр, адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэр къызыхуэтыншэу дыщыгъуэзэн хуейщ экзамен щытыкIэ псоми. АтIэ, пIалъэр къэсмэ лэжьыгъэм и гъэзэщIакIуэу щытынур фэращ — еджакIуэхэр, дэращ — егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ. Ди зэIущIэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытынур мы гъэм экзамен тыкIэм, щатыну пIалъэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэращ, — жиIащ гимназием и унафэщIым.

Жэндар Рабият къытепсэлъыхьащ ГИА-м хэт еджакIуэхэм, сыт хуэдэ экзамен лIэужьыгъуэм сыт хуэдэ классхэр хиубыдэми наIуэ ищIащ. ЖиIащ щIэнгъуазэ къэпщытэжыныгъэ экзаменхэм зи узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэхэри, итыжын хуейуэ экзамен щIыхуэ къызытенахэри, хамэ къэралхэм щыIэхэри, СИЗО, абы хуэдэ къинэмыщI щIыпIэхэм щаIыгъхэри къызэрызэщIрагъэубыдэр икIи гимназиер апхуэдэ лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырыр.

А псалъэхэр нэIурыту къыщагъэлъэгъуащ экранышхуэмкIэ. Иужьым упщIэ куэд къаIэтащ икIи дэтхэнэми жэуап гъэхуа иратащ гимназием и унафэщIымрэ егъэджакIуэхэмрэ.

ТУАРШЫ Ирэ

Гъатхэпэм и 1-р — эксперт-криминалистым и Iэщlагъэ Махуэщ

2024 гъэм гъатхэпэм и 1-м илъэси 105-рэ ирокъу эксперт-криминалист къулыкъур. ЛIыщIыгъуэм щIигъу гуащIэдэкI гъуэгуанэр ехъулIэныгъэрэ зыужьыныгъэрэкIэ гъэнщIащ. Къулыкъум щылэжьа ветеранхэм ягъэтIылъа лэжьэкIэфIыр, Iуэху бгъэдыхьэкIэ къабзэр яхуэхъуауэ, фIыр ягъэбагъуэу щIэблэм лэжьыгъэр пащэ.

Зи махуэхэр къызэхъулIэ

Я IэщIагъэ Махуэм хуэкIуэу, зыхуэдгъэзащ Жэгуэтэн Музэчыр. Абы и цIэр пресс-къулыкъум къытхуриIуащ. Ауэ, пэжыр жытIэнщи, щIалэм нэIуасэ дыщыхуэхъуам, тIуащIэу ди гуапэ хъуащ, сыту жыпIэмэ ар редакцэмкIэ хамэтэкъым. АтIэ, дунейм тетыхункIэ «Черкес хэку»-м и щIэджыкIакIуэ, и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу щыпкъэу псэуа, Хъумэрэныжь дэса Жэгуэтэн Мурат и къуэрылъхущ Музэчыр. Тхьэр ахърэт нэхукIэ зыхуэупсауэ къыщIигъэкIын Мурат и гъащIэ псом адыгэгурэ лъэпкъыпсэу псэуащ, абы къыпэкIуэнкIэ хъуну лъэпкъ Iуэхуу зыри гулъытэншэу къимыгъанэу.

Музэчыр 1996 гъэм щегъэжьауэ МВД-м хэтщ, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. 2005 гъэм хыхьауэ, нобэр къыздэсым эксперт-криминалист къулыкъум пыщIащ, Карачаевск къалэм щолажьэ, унафэщIым и къуэдзэщ, подполковникщ.

— Музэчыр, уи адэшхуэмкIэ ди псалъэр едгъэжьэну хуэфащэу къыдолъытэ. Шэч хэлъкъым, абы къытепщIыкIа щIэблэм нэхъыжьыфIым хьэлщэныфI дэфлъэгъуащи, ахэр нобэ узыпэрыт IэнатIэм къыпщхьэмыпэнкIэ Iэмал иIэкъым...

— Тхьэм фигъэпсэу! Пэжщ жыфIэр. Гугъущ леягъэ, укIыгъэ, сыт хуэдэрей хабзэкъутэныгъэри сабыру бгъэву, уи щэн уимыкIыу, уи къалэныр бгъэзэщIэныр. ИкIи апхуэдэм деж адэшхуэм и дерсхэр сэбэпышхуэ къыслхуохъу. Абы хуэфэщэну дунейм дытетмэ — ди насыпщ.

— Эксперт-криминалисту еджэну хуейм дауэрэ а IэщIагъэр зригъэгъуэтыфыну?

— МВД системэм щIэнгъуазэ щызэбгъэгъуэтынымкIэ, хэхауэ эксперт-криминалист IэщIагъэм ухуеджэну уаунэтI. Ауэ, жагъуэ зэрыхъущи, IэщIагъэм хуеджэну кIуэр мащIэщи, МВД-м хэтхэм къыхахри хуагъэхьэзыр. Абы теткIэрэ, ену, зэпымыууэ, ди щIэныгъэм, IэщIагъэм хыдогъахъуэ. Псыхуабэ (Пятигорск), Москва, Санкт-Петербург, Волгоград, къалэ зэхуэмыдэхэм си щIэныгъэ нагъыщэм сэри щыхэзгъэхъуащ.

Зэгуэр мы къулыкъум пэрыувар къыхэкIыжкъым, хьэщыкъ хуохъури. Апхуэдэу, сэ чэнджэщэгъуи, щапхъэгъэлъагъуи схуэхъуащ си къуажэгъу ГъукIэмыхъу Мурат. Езыр илъэс куэд хъуауэ лажьэт сэ Карачаевск МВД-м сыщыхьам икIи и фIыщIэ хэлъщ нобэ сызыпэрыт IэнатIэм. Илъэс куэд хъуауэ мы къудамэм щолажьэ Хьэбэз МВД-м хэт Щохъужь Сэхьид. Ари нэхъыщIэхэм ди щапхъэгъэлъагъуэ нэхъыжьыфIщ.

— Эксперт-криминалистыр — хэт ар, сыт и Iуэхущlафэ?

— КIэщIу жыпIэмэ — хабзэкъутэныгъэ къыздэхъуам уликэхэр къэгъуэтын, ахэр щIэплъыкIын, джын. Ар ди къалэнщ. Абы къызэщIеубыдэ сыт хуэдэрей хабзэкъутэныгъэри — цIыху укIыгъэм щегъэжьауэ дыгъугъэ мыхьэнэншэм щыщIэкIыжу. Эксперт-криминалистым къэхъуам, къыздэхъуа щIыпIэм къыщигъуэтам, ар зэриджам, зыхуэдэр зэрызэригъэзэхуам куэд елъытащ.

— Кинохэм къагъэлъагъуэ пхъуантэ цIыкIухэр фиIэ, сыт абы дэлъыр?

— ДиIэщ пхъуантэ цIыкIури. «Чемодан эксперта-криминалиста» жыхуиIэращ ар. Абы дэлъщ щIыпIэм къыщыхъуар къызэрытплъыхьын, дызэрыIэбэн, химпкъыгъуэ зэхуэмыдэхэр. А псоми щIыгъужщ литературэри, ар пхъуантэм дэмылъми, ди Iэпэгъущ. Химическэ пкъыгъуэхэм я мыхьэнэр, ялэжьыр, къызыхуэбгъэсэбэпынур къыбгурыIуэн папщIэ, уеблэмэ, курыт еджапIэ дерсхэм дыщыхэIэбэжи къохъу.

— ЩIэпхъаджагъэр къыщыхъуа щIыпIэр щIэфщыкIыным зэман дапщэ ихьрэ?

— Псори къызыхуэтыншэу зэбгъэзэхуэным, щIэплъыкIыным, нэхъ мащIэрейми, зы сыхьэт ехь.

— Хабзэхъумэ къулыкъум хэтхэр «интуиция» жыхуиIэмкIэ лъэрыхьщ. Ар бгъэунэхуа уэ?

— Следственнэ гупыр щIыпIэм щолажьэри, дэ абыхэм жаIэр дощIэ, дадоIэпыкъу. IэпапIэ, лъакъуапIэ, шэгын, хабзэр зыкъутам къыкIэрыхуа гуэр... — зэхуэмыдэщ гу зылъыттапхъэмрэ къызэхуэтхьэсыпхъэмрэ. Шэч хэлъкъым, а жыхуэпIэ «интуициери» къыщытщхьэпи, дыкъыщимыгъапцIи куэдыкIейщ. Арами, илъэс куэд хъуауэ къулыкъум ущыхэткIэ, плъэгъуар зыхуэдэр къыбгурымыIуапIэ имыIэу уохъу.

3

Унагъуэм и Илъэсым

Ещрокъуэ Мишэ и адыгэ быныр

Илъэс 35-кІэ узэІэбэкІыжмэ...

Нобэ зи ужь сихьа тхыгъэм сигу къегъэкІыж Черкесск къалэм и Ставропольскэ уэрамым, Комсомолец къэувыІэпІэм пэмыжыжьэу щыт студент общежитэм дыщыщІэса илъэсхэр. А общежитэр апщыгъуэм егъэбыдылІат Смагин Василий зи унафэщІ автодорожнэ техникумым. Мы псэупІэр бынунагъуэхэм щІагъуэкІэ ятемыгъэпсыхьами, тыншт. Къалэм и курыкупсэм пэжыжьэкъым жыпІэми угъуэщэнутэкъым, лъэсу дакъикъэ тІощІкІэ Первомайскэ уэрамым унэсынут. Хьэбзэи, Адыгэ-Хьэбли, Псыжьи къикІ автобусхэм я япэ къэувыІэпІэр мыбдежт. Ди сабийхэр уэрами зэпрымыкІыу, общежитэ пщІантІэм дэкІти, е 11-нэ курыт еджапІэм и бжэІупэм Іухьэт. Дэ тлъагъуу еджапІэм щІыхьэт...

Студентхэм къанэмыщІауэ, мы общежитэм щІэст лъэпкъ зэхуэмыдэхэм – абазэхэм, адыгэхэм, урысхэм, къэрэшейхэм, нэгъуейхэм, нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІахэм яуху унагъуэхэри. И ныбжькІэ, и гъащІэ зэхэщІыкІкІэ а псоми къахэщт Зеикъуэ щыщ Ещрокъуэ Мишэрэ абы и адыгэ бынымрэ. Мишэ пхъащІэу институтымрэ техникумымрэ щылажьэт. ІэпщІэлъапщІэт, зэІусэм псэ къыІуигъакІэт. Зы щІыпІэм къыщымынауэ адыгэлІ зэтеубыдат, хэти хуэфащэр ищІэу, езыми и щхьэм пщІэ хуищІыжу.

Мис а студент псэупІэращ нэІуасэ дыздызэхуэхъуар Ещрокъуэхэ я унагъуэмрэ дэрэ. Ещрокъуэ Мишэрэ абы и щхьэгъусэ Сарэрэ сабиищ яІэт: хъыджэбзитІрэ зы щІалэрэ - Заремэ, Маринэ, Щэмел. Ещрокъуэхэ я сабийхэмрэ дыдейхэмрэ, нэгъуэщІхэр – псори зэхэту джэгут. Нэхъыщхьэу мыбдеж щыІур адыгэбзэт. Уеблэмэ урыс Волынкинхэ я щІалэ цІыкІуитІми адыгэбзэ къагурыІуэ хъуат. Сабийхэм жаІэ адыгэ псалъэхэр къызыгурымыІуэ анэ Наташэ къакІуэурэ къыдэупщІт. Псори етІуанэ къатым дытест.

ИлъэсыщІэр дызэгъусэу къыщидгъыхьэт «Ленин и пэшкІэ» зэджэу щыта зал Іэхуитлъэхуитым. Илъэсыщ Іэ псей дуэздтэкъым, ауэ телевизор щІэдгъэувэт. Псоми хэплъыхьауэ шхыныгъуэ щІэщыгъуэхэр ягъэхьэзырти, илъэсыщІэ Іэнэ зэтрагъэувэт. ЗэрыжаІэу, «дыкъакъэмэ дыпщІыпщІу», къуэнымэ - бжьынымэр къытхихыу дызэхэст, Ещрокъуэ Мишэ ди нэхъыжьу. Илъэсыщ Іэр къимыхьэ щІыкІэ щхьэж и унэ бжэн лъакъуэу дызэбрыкІыжти, щхьэж и деж дыщенумэ, зэры-Сарэт. Иужьым сабий дыдэу слъэгъуахэу, Маринэ бзылъхугъэ тхьэІухуд хъуат, Щэмел жьакІэ фІыцІэ зытет лІы дахэшхуэт. Заремэ а махуэм тлъэгъуакъым, ауэ, къызэрызжаІамкІэ, абы и гъащІэри пылъхьэншэщ.

Унэм дыщІыхьэу, сэламыр, зэщІэупщІэныр зэфІэкІа, блэкІам и напэлъагъум гу щытхуэжа нэужь, Сарэ селъэІуащ, дыщызэрымылъэгъуа гъэхэм и унагъуэм и Іуэхуэр зэрызэкІэлъыкІуам и гугъу къысхуищІыну.

Сарэ здэлэжьа радио заводым щІыгу Іыхьэ къратри, пхъащІэ Іэпщ Іэлъапщ Іэ, зи Іэпэм дыщэр къыпыщ Ещрокъуэ Мишэ и Іэкі Іэ унэшхуэ щихухуащ Черкесск къалапщэм щыІэ, дэІужт Курантхэм я къеуэ макъым. Абы къыкІэлъыкІуэт нэхъ гъэщІэгъуэныжыр. Унагъуэрыкі-унагъуэрыхьэу дыхъуахъуэу дызэкІэлъыкІуэн щІэддзэт, аргуэру къытедгъазэти, бжьэ тІэтт, дызэрыгъэхьэщІэжт.

А дауэдапщэхэр щиухыр илъэсыщІэ пщэдджыжьрат. ЗэрыжысІауэ, зы унагъуэм хуэдэу дыпсэуащ. Иджы хьэкъыпІэкІэ къызгурыІуэжащ апхуэдэ зэхущытыкІэ дахэхэмкІэ Ещрокъуэ Мишэрэ Сарэрэ фІыщІэшхуэ зэрабгъэдэлъар.

Къуэр зоуэкІ, бгыр зоуэкІ, унагъуэхэр зырыз-тІурытІу общежитэм щІэкІыжу щІадзащ. Хэт унэ, фэтэр къищэхуат, хэт нэгъуэщІ щІыпІэ куэшыжьат. Ещрокъуэ Мишэрэ Сарэри щІыгу Іыхьэ къалъысри унэ щащІат Черкесск къалапщэм.

Абы лъандэрэ илъэс щэщІрэ тхум щІигъу текІыжащ. Зи хьэдрыхэ дахэ хъун Ещрокъуэ Миши псэужкъым. Нобэ абы и унагъуэм, Ещрокъуэ (Ахъмэтхэ япхъущ) Сарэрэ и бынымрэ сарихьэщІэщ.

БлэкІам и напэлъагъу

Черкесск и Псыжь Іуфэмкіэ ирекІуэкІ Набережнэ уэрамым тет унэм и пщІантІэм сыщыІухьам, Ещрокъуэхэ куэбжэ ІухакІэ къызэжьэт. Уэрамым дыщызэхуэзамэ, дыкъызэрымыцІыхужькІэ зыри хуэІуатэкъым. Пэжщ, Сарэ зыми хэзгъэгъуэщэнутэкъым, илъэс 36-рэ текІыжами. Нэхъ цІыкІу, нэхъ ІэмащІэ-лъэмащІэ хъуа жумыІэцІыху зэхуэщІахэр здэпсэу, гушыІэу «тхьэмыщкІэхэм я хьэблэ» зыфІаща щІыпІэм. Ауэ зэман гуэр текІри, я унэр «къаувыхьащ» къат куэду зэтет псэупІэ щэджащэхэм. Дыгъэм и нэхур тэрэзу къызытемыпсэж унагъуэр абы игъэбампІэ хъуащ. Унэр ящэжри, пщІантІэрэ унэрэ къыщащэхужащ псыхъуэ уэхым щыІэ Набережнэ уэрамым.

ЛІы узыншэшхуэу сыт щыгъуи щыта Ещрокъуэ Мишэ илъэс 60 хъуа къудейуэ дунейм ехыжащ. Зэман куэди темыкІауэ, 2002 гъэм къэкъубея псыдзэ угъурсызыр къакІэщІэуауэ щытащ.

Гугъуехь, лъэпощхьэпо куэд я нэгу щІэкІащ мы унагъуэм. Ауэ я гур ямыгъэкІуэду, псори къызэранэкІащ.

— А зэман жыжьэмрэ иджырэ зэбгъапщэмэ, дэтхэнэр нэхъыфІ? — соупщІ Сарэ.

— Шэч хэмылъу, Комсомолец къэувыІэпІэм тет студент общежитэм дыщыщІэсар ди гъащІэм и Іыхьэ нэхъыфІщ. Апщыгъуэм цІыхухэм ягухэр нэхъ зэхуэІухат, зэхуэмыгъуэт, нэхъ зэкІэлъыкІуэт, зэрылъагъут. Иджы телевизорымрэ интернетымрэ къагъанэу зыщІыпІи пхуэпІэтІэуэнукъым. Абы къыхьэжащ мобильнэ телефонхэри...

Сарэ игу къегъэкІыж общежитэм къыддыщІэса унагъуэхэр: Мэлейхэ Хъусенрэ Маринэрэ, Урымхэ ХьэпІотІрэ Мэрэтинэрэ, Волынкинхэ Сашэрэ Наташэрэ, нэгъуэщІхэр.

— Мишэ псэужамэ, и бынхэмрэ абыхэм къалъхужахэмрэ, я псэукІэр илъэгъуамэ, зэращыгуфІыкІынур сыт хуэдэт?..

— Ар пэжщ. Тхьэм и шыкуркІэ дытхьэусыхэну ди Іуэху теткъым. ФІыуэ, дызыхуэныкъуэншэу допсэу. Ди пхъурылъху-къуэрылъхухэр догъасэ адыгагъэ, цІыхугъэ яхэлъу. Мис мы си пащхьэм ис си къуэрылъху цІыкІуитІыр тыншыбзэу адыгэбзэкІи урысыбзэкІи мэпсалъэ, «Черкес хэку» адыгэ газетыр ди Іэпэгъущ, — жеІэ ди псэлъэгъум.

Илъэсих зи ныбжь хъыджэбз цІыкІур ди пащхьэм къиувэри, гукІэ зэригъэщІауэ азбару къеджащ АбытІэ Хъызыр и усэм.

Сарэ сыкъришэкІыурэ сигъэлъэгъуащ и къуэ Щэмел и ІэкІэ пщІантІэм дищІыхьа псэуалъэхэр. Игу къигъэкІыжащ Мишэ и къуэм жриІэ зэпыту щытар:

— Сэ сыпсэу щІыкІэ зегъасэ уи Іэхэм зыгуэр зэпкъралъхьэу, яухуэу. Ар иужькІэ къыпщхьэпэжынущ...

Щэмел а псалъэхэр игу ирубыдащ, икІи и адэм зэриунэтІам хуэдэу мэпсэу, къыдалъхуахэм, и сабийхэм ятеубгъуащ, и гупсысэкІэкІи, и ІэпщІэлъапщІагъкІи и адэм хуэфэщэжщ. И анэр игъафІэу, иІэтмэ гъущІэн, ирихьэхмэ щІытэн къыфІэщІу, егъэпсэу.

Ещрокъуэ Мишэ бынкІэ лъэужьыншэ зэрымыхъуам хуэдабзэу, и фэеплъри кІуэдынукъым.

ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ

ВЫБОРЫ ПРЕЗИДЕНТА РОССИИ 15–17 МАРТА 2024

Жылагъуэ палатэ

Зэдэлэжьэну зэгурыІуащ

Мы гъэм мазаем и 20-м КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм зэдэлэжьэныгъэ ЗэгурыІуэныгъэм Іэпэ щІадзащ Жылагъуэ палатэмрэ хэгъуэгу политикэ партхэм я пашэхэмрэ.

Жэуаплыгъэ иным епха апхуэдэ къалэныр зэфІагъэкІащ Жылагъуэ палатэм и пашэ Ляшовэ Еленэ, «Зыуэ щыт Урысей» партым и хэгъуэгу къудамэм и зыгъэзащІэ комитетым и унафэщІ Джамбаев Руслан, «Справедливая Россия — Патриоты — За Правду» политикэ партым и хэгъуэгу къудамэм и Советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Коджаков Олег сымэ.

А махуэм зэдэлэжьэныгъэ ЗэгурыІуэныгъэ зэдащІащ КъЧР-м и Жылагъуэ палатэмрэ муниципальнэ районхэм щыІэ Жылагъуэ советхэмрэ.

ЗэІущІэм и ещанэ Іыхьэм къриубыдэу къапщытэжащ икІи Жылагъуэ совет нэхъыфІыр ягъэнэІуащ, ЩІыхь тхылъхэри хуагъэфэщащ. Япэ нагъыщэ зиІэ ЩІыхь тхылъыр зэпагуэшащ Нэгъуей районымрэ Усть-Жэгуэтэ районымрэ я Жылагъуэ советхэм. ЕтІуанэ нагъыщэ зиІэ ЩІыхь тхылъыр зэпагуэшащ Уарп, Зеленчук районхэм. Ещанэ нагъыщэ зиІэ ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Карачаевск къалэ округымрэ Абазэ районымрэ.

Ляшовэ Еленэ и къэпсэлъэныгъэм и гуапэу къыщыхигъэщащ зэдэлэжьэныгъэм и мыхьэнэмрэ абы хэхыныгъэхэм къахьыну сэбэпымрэ.

— Зэдэлэжьэныгъэ ЗэгурыІуэныгъэм псоми Іэпэ щІэддзащ. Абы къикІыр хэхыныгъэхэм хабзэм тету дытелэжьэнущ, хэхыныгъэ махуищри хабзэкъутэныгъэншэу едгъэкІуэкІынущ икІи дэтхэнэ лъэныкъуэри абыкІэ арэзыщ. Хэхыныгъэхэр щытынущ зэІухауэ, гурыІуэгъуэу, нэІурыту. Абы щхьэпэнущ Жылагъуэ советхэри, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэри, Жылагъуэ палатэм щылэжьэну кІэлъыплъыныгъэхэмкІэ Купсэри, УИК-хэм щІэтыну техникэ Іэмалхэри, — жиІащ палатэм и пашэм икІи псоми ехъуэхъуащ зэфІагъэкІа лэжьыгъэмкІэ, хэхыныгъэхэр бэІутІэІуншэу екІуэкІыну.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

Щапхъэ

1

Бзылъхугъэ къызэрымыкІуэ

ГЪУЭЩОКЪУЭ Мадинэ и тхылъым и лъэтеувэм щытраха сурэтырщ

А зэхьэзэхуэм зэрыхэтам теухуауэ мыпхуэдэу жиІащ: «*СэркІи, дызэдэлажьэхэмкІи а ехъулІэныгъэр уасэншэщ. Абы нэхъри нэхъ жэуаплыгъэ къытхелъхьэ, нэхъыбэм дыхущІэкъуну дыхуегъэуш*».

Мэкъумэш артелым и унафэщІ емышыжым и мурадщ адэкІи хъызмэтым зригъэужьыну, былым хъуныгъэм нэхъыбэу зритыну. «*Колхоз-племрепродуктору дыщыщыткІэ, а фІэщыгъэцІэр дгъэщыпкъэжын хуейщ*», — къыхегъэщ абы.

Бзылъхугъэм дежкІэ унафэщІ ІэнатІэм упэрытыныр тыншкъым, псоми хуэмыдэжу, бгъэлажьэхэм я нэхъыбэр щыцІыхухъукІэ. Абыхэми къыщымынэу, жэщ-махуэм къриубыдэу сыхьэт нэхъыбэ лэжьапІэм щыбгъэкІуэн къыпхудохуэ...

«*Куэдрэ сесэфакъым жэщи-махуи лэжьапІэм сыпыщІа сызэрыхъуам. Унагъуэмрэ лэжьапІэмрэ зэдэгъэкІуэтэныр гугъут. Сабийхэм щІэх къагурыІуакъым ар... Ауэ, псори десэжащ. Зыгъэпсэхугъуэ пІалъэ къысхуимыхуэми, схуогуэщІ. ЩІалэхэр балигъ хъуащи, я адэм щІыгъуу зыкъысщІагъакъуэ. Сэри сысэлэту, къулыкъум сыщыІэу, си унагъуэм, колхозым, республикэмрэ къэралымрэ я хьэлэмэт згъэзащІэу зызолъытэжри, ар щІыхь хэлъу зэрызэфІэсхыным сыхущІокъу. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр гу къабзэ пкІуэцІыльныр, псапэ щІэным, лъэпкъхэми къэралми зыщІэбгъэкъуэным псэ хьэлэлу упыкъуэкІыныр щ*», — жеІэ бзылъхугъэм.

Хъызмэтым и пашэ бзылъхугъэм къыдэлажьэхэми, зыпыщІахэми жаІэ Борлаковэ Маринэ унафэщІ нэхъусауэ, къызэгъэпэщакІуэ къызэрымыкІуэу зэрыщытыр, зытелажьэ Іуэхум и псэр зэрыхилъхьэр, псом я щхьэжуи къыхагъэщ ар зэрыцІыхуфІыр. Дапхуэдизу гъащІэр мыхьэлъэми, цІыхухэм къащхьэщыжыныр, ахэр зыхуей хуэгъэзэныр, ядэІэпыкъуныр Борлаковэ Маринэ и пщалъэ пажэу зэрилъытэр жаІэ.

Щхьэихауэ и гугъу щІыпхъэщ Борлаковэ Маринэ зи унафэщІ колхозми, бзылъхугъэхэм я хэгъуэгу Союзми ирагъэкІуэкІ псапащІэ лэжьыгъэшхуэм. Абы и къэухьыр къэлъытэгъуейщ. Зы псалъэухакІэ жыпІэнумэ, Борлаковэ Маринэ зи пашэ гупыр дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэм я щІэгъэкъуэнщ. Псоми хуэмыдэжу абыхэм я псапащІэ лэжьыгъэр хуаунэтІ СВО-м щыІэ ди къулыкъущІэхэм защІэгъэкъуэным. Абы теухуауэ щапхъэ гъунэжу къэпхьыфынущ. Зэкъым а акцэхэм я гугъу ди газет напэкІуэцІхэм зэрыщытщІар...

Абыхэми къыщымынэу, зэхэдз имыщІу, лъэпкъхэм я щэнхабзэ, гъуазджэ зыужьыныгъэми мы бзылъхугъэ къызэрымыкІуэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуещІ. Иужьрейуэ дызыхэплъа Іуэхугъуэмкіэ дгъэзэжынщи, Хьэбэз къуажэм щыщ, усэ тхыным зезыпщыт Гъуэщокъуэ (Жумай) Мадинэ и ІэдакъэщІэкІ тхылъыр дунейм къытехьэнымкІэ фІыщІэр зыбгъэдэлъыр Борлаковэ Маринэщ. Сыт хуэдиз псалъэ гуапэ а бзылъхугъэм хуагъэфэщар а махуэм, авторми, щІэджыкІакІуэхэми къабгъэдэкІауэ... Зыхуэбгъадэ мыхъун уасэншэ Іуэху дахэ ди лъэпкъэгъу усакІуэм хуэзфІихащ. Ди фІэщ мэхъу, апхуэдэ псапащІэ Іуэхуу ищІэм гъунэ зэримыІэр. Тхьэм нэхъыбэжи хущІигъыхьэ!

Къыщалъхуа Махуэр гъатхэпэм и 1-м зыгъэлъапІэ бзылъхугъэ къызэрымыкІуэм дэри дыхуохъуахъуэ гукъыдэж щымыщІэу, и Іуэхуфіхэм ягъэлъапІэрэ яІэту, узыншагъэ быдэ иІэу, и гуащІэм и хьер илъагъуу дунейм гу щихуэху псэуну!

АБИДОКЪУЭ Люсанэ

Гъатхэпэм и 1-р — эксперт-криминалистым и ІэщІагъэ Махуэщ

2

Зи махуэхэр къызэхъулІэ

— УкІыгъэ, дыгъугъэ, къинэмыщІ шынагъуэ кьыздэхъуам лъэужь кьыщамыгъанэ, зыри щывмыгъуэт къэхъурэ?

— ЗэрыжаІэщи, лъэужьыншэ щІэпхъаджагъэ, хабзэкъутэныгъэ щыІэкъым. МащІэ-куэдми, зыгуэр къэмынэнкІэ Іэмал иІэкъым. НэгъуэщІ лъэныкъуэщ а лъэужьыр ягъэкІуэдыну, дытрагъэплъэкъукІыу лъэужь нэпцІ дытрагъэувэну Іэмалхэр щызэрахьэр. Псалъэм папщІэ, унагъуэм ис гуэрым дыгъугъэр игъэхъауэ, нэгъуэщІым тригъащІэу, апхуэдэу кьытщигъэхъуным и Іэмалхэр щызэрахьэ куэдрэ дрехьэлІэ.

— Уэ дауэ уеплърэ, мы дуней дахэшхуэм темыхуэжу, Іеягъэ ящІэныр сыт къызыхэкІыр? УрихьэлІэхэм ящыщу нэхъ хьэлъэ дыдэу къэплъытэр сыт хуэдэ хабзэкъутэныгъэхэра?

— Хабзэкъутэныгъэ къэс езым и щхьэусыгъуэ иІэщ. Зэрылъагъу мыхъу цІыхуитІ укІыгъэм щызэрыхуэшэ щыІэщ, хамэ мылъкум фІыуэ хэпсэукІыну хуейуэ, нэгъуэщІым и мылъкур зэзылъэфалІэми нэгъуэщІщ и щхьэусыгъуэр. Афияным, фадэм игъэудэрэщхъуами фІыкъым и Іуэхущ Іафэр.

Хьэлъэщ унагъуэм и гъащІэ псом иугъуеяр щыфІадыгъукІэ. Ауэ зыуи схуэмыгъэври, сызэмысэри сабий укІыгъэращ, сабий щыхэкІуадэкІэщ. Сигу къокІыж Карачаевск къыщыхъуа гуІэгъуэр. Я гъунэгъу пщащэ цІыкІур здаукІа фэтэрым япэ щІыхьэн къызыхудэхуар сэращ. Узижагъуэм Іууплъэт а теплъэгъуэм. Ауэ... ГущІыхьэн зызэщІезгъэубыдэмэ, си къалэн схуэгъэзэщІэнукъым.

— ЩІэпхъаджагъэхэр, укІыгъэхэр нэхъыбэ хъуауэ жыдоІэ зэпыт. Апхуэдэ зэрыщытыр?

— Быдэу жысІэфынущ: хьэуэ. Иджы хъыбарегъащІэр, социальнэ зэпыщІэныгъэхэр нэхъыбэ хъуащ, зыри ущэхуауэ пхуэІыгъыжкъым, псори утыку кърахьэ. ИпэкІэ апхуэдэу щытакъым. Аращ щІэпхъаджагъэр нэхъыбэ хъуа къытщызыгъэхъур.

— Эксперт-криминалистым и махуэр дауэ зэхэт, сыт абы и пщалъэр?

— Лэжьэгъуэ пщалъэ мы къулыкъущІэм иІэкъым. Жэщми укъагъэтэджыжыныр, зыгуэр къыщыхъуа щІыпІэм унэсныр — дэркІэ къызэрыкІуэщ. ГъэщІэгъуэнщ лэжьэгъуэ сыхьэтыр щиухым ехъулІэу ди лэжьапІэм дыкъыщІэкІыжыну ди насып къихьамэ. «СхузэфІэкІащ, сгуэщІащ» щыжыпІэфращ уи лэжьэгъуэ махуэр къохъулІауэ щыплъытэфынур.

— ЛэжьапІэр уи гъащІэщ, уи псэукІэ щытыкІэщ. Арами, абы укъыщыдэхуэм, сыт узыдихьэхыр?

— НэгъуэщІ щІыпІэхэм сыкІуэныр, зысплъыхьныр си хъуэпсапІэщ сыт щыгъуи. Сурэт техынри сфІэфІщ.

— ТелевизорымкІэ, экранышхуэмкІэ къагъэлъагъуэ детектив кинохэр пэжыгъэм техуэрэ?

— Экран кинор хуабжьу къыщхьэщокІ къэхъупэм. «Человек с бульвара Каппуцинов» кино хъарзынэ щыІэщ. Абдеж «Джони, хочу монтаж» жэуэ пщащэм зэрыщыжиІэм хуэдэщ экраным тлъагъур. Эксперт-криминалистым и лэжьыгъэр зыгуэр къыщыхъуа щІыпІэм щыщІедзэри, «ІэниІэти зэщІалъхьэжыху» жыхуиІэу хэтщ пэжыгъэр, захуагъэр зэфІэгъэувэжыным епха лэжьыгъэшхуэм.

— Эксперт-криминалист къулыкъур зэрыщыІэрэ лІыщІыгъуэм щІигъуащ. А илъэсхэм къриубыдэу зэхъуэкІыныгъэ куэд игъуэта абы?

— Техникэ и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэ защІэщ икІи абы ди лэжьыгъэр хуабжьу къегъэпсынщІэ. Ауэ эксперт-криминалистым и лэжьыгъэр иригъэкІуэкІынымкІэ мардэ, хабзэ зэкІэлъыкІуэкІэхэр зэрыщытащ, зэхъуэкІыныгъэшхуэ игъуэтакъым. Зызымыхъуэжыр зыщ — щІэпхъаджагъэм лъэпкъ зэхэгъэжи, дингуэши иІэкъым. Зыщ абы и теплъэр — жылагъуэр хьэлэбэлыкъ хэдзэн, гуауэ, нэпс къэгъэщІын...

— Узэрылажьэрэ узытемыкІ хабзэр сыт? ГущІэгъур къыптекІуэу, уи лэжьыгъэм зэран къыщыхуэхъу къэхъуа?

— ГущІэгъу, гъунэгъужэрэгъу ди къалэнхэм къыхэбгъахуэ хъунукъым. Апхуэдэу щытыкІэр хъуамэ, лэжьыгъэр зыщхьэщысхынкІэ сыхуитщ. Ауэ, щІэпхъаджагъэр зыгъэхъар си жагъуэгъууи, си гъунэгъууи щрет, сызытемыкІынур зыщ — си зэран езгъэкІынукъым, си дэфтэркІэ и гъащІэм, и дуней тетыкІэм нэгъуэщІ кІуэрабгъу игъуэтынкІэ зэрыхъунур къызгуроІуэри, сызытеукІытыхьыжын сщІэнукъым. Сыт имыгъэхъами, хьэпсэм исари зэгуэр къикІыжынущи, и пащхьэм си ягъэ щызгъэвыжын хуей къыскуимыхуэныр си лэжьэкІэ кІуэрабгъущ. Сыт имыщІами, цІыхум цІыхуфэ епплъын хуейщ.

— Гугъуми, шынагъуэми емылъытауэ, блэжьыр уигу ирихьрэ?

— Сигу иримыхьмэ, сылэжьэфынутэкъым. ЖысІэнщи, сигу иримыхь сщІэкъым, ари си гъащІэ гъуазэщ.

— СыткІэ уехъуэхъунт уи лэжьэгъухэм?

— МащІэщ, зырыз дыдэщ эксперт-криминалистхэр. Ди пІэ идгъэувэн щІалэгъуалэ ІэщІагъэлІхэм дыпоплъэ. Ауэ къагурыІуэн хуейщ ягу, я псэ емытауэ мы къулыкъум зэрыхэмытыфынур. Апхуэдэщ дызэжьэр.

Сазэрехъуэхъунур, псом япэрауэ, узыншагъэщ! Я унагъуэхэм бэІутІэІуншэу махуэ къэс ихьэжыну!

— ФригъэфІакІуэ! ГуащІэдэкІ ехъулІэныгъэ ущимыгъащІэкІэ!

Епсэлъар ТУАРШЫ Ирэщ

Гъатхэпэм и 1-р — эксперт-криминалистым и ІэщІагъэ Махуэщ

«Домбай» курортым

Къущхьэхъу шейм и Махуэ

«Домбай» бгы-лъэрыжэ курортым турист мини 3-м нэблагъэ щызэхуишэсащ метр мини 3 лъагапІэм щекІуэкІа къущхьэхъу шей фестивалым.

Бгы лъагапІэм щызэхаша мы Іуэху гъэщІэгъуэныр къызэрагъэпэщащ Къэрэшей-Черкесым туризмэмрэ курортхэмрэкІэ и Министерствэмрэ «Карачаево-Черкесия Туризм» автоном мысату организацэмрэ.

Фестивалым и утыкум щауэдащ станцэ зыбжанэ.

МахуэщІым и пщыхьэщхьэ программэм хэтащ лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзырар, абы хуей псоми пщІэншэу ІэфІ-фІэІу зэрыхрагъэхар.

ЗЕКІУЭЛІ Хьэмыщэ

Хэкупсагъэ

Фэеплъыр зыхъумэр — щIэблэхэрщ

Къэралышхуэу зэхэта СССР-м хыхьэ хэгъуэгу къэс и цIыху зыхэхуа, щIэблэщIэ мин 15-м зэрынэхьэсым зи щхьэр здыщагъэтIылъа афган зауэр зэриухрэ илъэс 35-рэ текIыжами, абы къихьа гуауэмрэ хэщIыныгъэмрэ ноби ди жылагъуэм ягу ихукъым. АтIэ, дауэ уигу зэрихунур?! А зауэм и фэеплъ щыпкъэщ нобэ пщIэрэ щIыхьрэ яхуэтщIу къытхэт зауэлI-интернационалистхэр, зи балигъ гъащIэр езыгъэжьа къудейуэ хахуагъэмрэ гуеигъэмрэ ипсыхьауэ къэтэджахэр, адэ лIыхъужьхэм я зауэ гъуэгуанэм щыпкъагъэ яхэлъу ирикIуахэр...

Афганистаным щекIуэкIа зауэм хиубыда, хэкIуэда ди щIалэхэр жылагъуэм зэрыщымыгъупщэм ипкъ иту, Хьэбэз район библиотекэм и сабий къудамэм и лэжьакIуэхэм «Живая память» фIэщыгъэцIэр зиIэ зэIущIэ къызэрымыкIуэ къызэрагъэпэщащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм къарагъэблэгъащ а зауэр зыпэщIэкIахэр, хэкупсэ лэжьыгъэм гуащIафIэу хэтхэр. Апхуэдэуи, Хьэбэз къуажэм дэт курыт еджапIэм и е 7-нэ классым хэс ныбжьыщIэ гурыхуэ цIыкIухэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Афганистаныр зыпэщIэкIа хьэбэздэсхэу КIэм Амиррэ Мэзукъэбз Iэуесрэ, «Афган 1979-1989» тхылъ купщIафIэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа, Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, зауэлI-интернационалистым и фэеплъ сын Урысейм ипэ дыдэ щызыщIа, зи хьэдрыхэр дахэ хъун КIэмрыгу Хьэтызэ и щхьэгъусэ Фатимэ, Хьэбэз муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Унэжь Олег, Хьэбэз къуажэм дэт, Арэшыкъуэ Р. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм и унафэщI Хъупсырокъуэ Иринэ сымэ.

Фэеплъ пшыхьыр езыгъэкIуэкIа, Хьэбэз библиотекэм и сабий къудамэм унафэщI Уэрзэлы Марьянэ кIэщIу къытеувыIащ Афганистаным щекIуэкIа зауэм ди къэралым къыхуихьа нэщIэбжьэ куэдым. Абы жиIахэр ягъэщыпкъэу, ныбжьыщIэ цIыкIухэр къеджащ хэкупсагъэ ин зыщIэлъ усэхэм.

Иужьым псалъэ хуагъэфэщащ къызэрыдэкIыу цIэрыIуэ хъуа «Афган 1979-1989» тхылъым и авторым.

— ЦIыкIухэ, фи ныбжьым сит щIыкIэт, е 7-нэ классым сыщеджэт япэ дыдэ афган зауэм и гугъу щызэхэсхам. Пэжыр жысIэнщи, апщыгъуэм нэгъэсауэ къызгурыIуэтэкъым абы ди щIалэщIэхэм хэтын къащIыхудэхуар. АтIэ, а зауэм ди щIалэхэр ягъэкIуауэ зыцIыхур зырызыххэт...

Иужьым, педучилищэм сыщеджэу «Ленинское знамя» газетыр къысIэрыхьауэ, срихьэлIащ «Откликнись, брат!» фIэщыгъэцIэр зиIэ тхыгъэм. Абдежым къыщалъыхъуэр Афганистаным мазэ 28-кIэ щыIэн къызыхудэхуа, Жьакуэ хъуажэм щыщ щIалэ - лIыхъужь Мамхэгъ Заурт ... — къригъэжьащ тхылъым и авторым и псалъэр.

Ар къытепсэлъыхьащ адыгэ газетым щылэжьэн щыщIидзам и журналист лэжьыгъэкIэ щIалэхэм я зауэ гъуэгуанэм и къекIуэкIыкIар къилъыхъуэжьын иригъажьэу, илъэс 15-кIэ зыпэрыта гуащIэр тхылъ зэрыхъуам. Абы ихуа щIалэхэм, абыхэм къакъуэкIа хэку фIылъагъуныгъэм, адэхэм я лIыхъужьыгъэ щапхъэм зэрырикIуам, щIэблэр абыхэм къагъэлъэгъуа хэкупсагъэм дэплъеин зэрыхуейм тегъэчынауэ къытеувыIащ.

«Тхылъыр щIэзыджыкIын хуейр фэращ, цIыкIухэ! Фи куажэм къыдэкIа, адыгэм къытхэкIа лIыхъужьхэр фцIыхун, абыхэм яхэлъа лIыгъэмрэ хэку фIылъагъуныгъэмрэ вгъэщыпкъэу фыкъэтэджын папщIэ. Мамыр гъащIэми лIыгъэ щызефхьэфынущ. ФIыуэ феджэ, гъэсэныгъэ зыхэвгъэлъ, фи нэхъыжьхэм я щапхъэфIхэр вгъэщыпкъэу дунейм фытет!» — къыхуриджащ авторым ныбжьыщIэхэр.

Хэкупсагъэ мыхьэнэ ин зыщIэлъ пшыхь зэхэшэныр зи жэрдэм къикIахэм фIыщIэшхуэ яхуищIащ.

Хъупсырокъуэ Иринэ къытеувыIащ я еджапIэм хэкупсэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIым, а Iуэхур зэрызэпымыум. Щапхъэу къигъэлъэгъуащ СВО-м щыIэ щIалэхэм псапащIэ акцэхэмкIэ зэрапыкъуэкIым, яхузэфIэкI къару ТекIуэныгъэм зэрыбгъэдалъхьэм.

Унэжь Рэмэзан къытеувыIащ адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ цIыхушхуэу диIа, ноби тщымыгъупщэ скульпторым — КIэмрыгу Хьэтызэ, абы къытхуигъэна щэнхабзэ щIэин лъапIэм. Мы махуэм утыку кърахьа тхылъми ит лIыхъужь къэс и гъащIэ щапхъэм щIэблэр щIэпIыкIын хуейуэ къилъытащ.

КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Хьэбэз район библиотекэм и методист, КIэмрыгу Хьэтызэ и щхьэгъусэ Фатимэ пшыхьыр гуапэу зэрекIуэкIам, абдеж къыщаIэта псалъэмакъым игу къызэфIигъэнами, фIыщIэ псалъэ куэд яхуигъэфэщащ хэкупсагъэкIэ гъэнщIа зэхьыхьэр зигу къэкIахэм. ЩIэблэр къыхуриджащ зыщалъхуа щIыналъэр фIыуэ ялъагъуну, нэхъыжьыгъэм пщIэ хуащIыну.

Пшыхьыр игъэдэхащ КIытIэ Зульфия и «ЮНИКА» къэфакIуэ ансамблым хэт ныбжьыщIэхэм къащIа къафэм.

Иужьым, зэIущIэм хэтахэр екIуэлIащ КIэмрыгу Хьэтызэ и Iэрыщ Iуасэншэу Хьэбэз къуажэри район купсэри зыгъэбжьыфIэм — зауэлI–интернационалистхэм я фэеплъ сыным. Удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ. Афганистан зауэм къыхэмыкIыжахэм яхуэщыгъуащ.

МАМХЭГЪ Зуридэ

Черкес хэку 100

Черкес хэкум и илъэси 100-м хуэкIуэу

Ди «Черкес хэку» газетым сытепсэлъыхьыныр къыщIэздзэну сыхуейт сэ сфIэгъэщIэгъуэн зы щапхъэкIэ. Си адэ Братхэ Хьэсанэ Къаплъэн и къуэм зы къыдэкIыгъуи къимыгъанэу абы еджэт, псалъэ димыгъэхуу. ГъэщIэгъуэныр аракъэ, абы зэи зы псалъи къыжьэдэкIтэкъым газетым традзамкIэ мыарэзыуэ, зыгуэр фIэмытэрэзу. Псоми еджэт, сыт хуэдэ Iуэхугъуэ теухуауэ щымытми. Зэманыр къызэрысу, газетыр ди адэм къыщIитхыкIт, дэ къыдэмыжьэу...

Сызыхуэныкъуэ «ЧЕРКЕС ХЭКУ»

Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Сыкъапщтэмэ, газетым пыщIэныгъэ здыхуэсщIар Налшык дежщ. 1956 гъэм Черкесск педучилищэр къэзухри Къэбэрдейм еджакIуэ сыкIуат. Ди факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ ятегъэпсыхьауэ пэш къыхухахати, адыгэбзэмкIэ къыдэкI псори щыбгъуэтт. Ущыхуей зэманым утIысу узыхуейм уеджэну ягъэпсат.

Ди адыгэ газетыр къызэрыдэкIыу етIуанэ махуэм а пэшым къыщIэхутэт. Зэи бламыгъэкIыу еджакIуэхэр абы еджэт, псори ягу ирихьу щIаджыкIт.

Псом хуэмыдэу зыщамыгъэнщIу ахэр Брат Хьэбас и усэхэм еджэт. Абы тхэныр усэкIэ щIидзауэ щытат. НэмыщIу, урыс тхакIуэхэм ятхахэм щыщ куэд адыгэбзэкIэ зэридзэкIт.

А щапхъэ къэсхьахэмкIэ сэ жысIэну сыхуейщ ди адыгэ газетым къалэнышхуэ игъэзащIэу къызэрекIуэкIыр. Редакцэм щылажьэхэм а пщэрылъ мытыншыр ехъулIэныгъэ иIэу ягъэзащIэ. Шэч хэлъкъым дяпэкIи ар къаззрехъулIэнум.

ЖыIэн хуейщ ди гъащIэм, ди акъылым зиужьын папщIэ газетым лэжьыгъэшхуэ зэригъэзащIэр. Псом ипэ изгъэщыну сыхуейт ди бзэр хъумэныкIэ, зегъэужьынымкIэ газетым мыхьэнэшхуэ иIэу зэрыщытыр. Бзэращ лъэпкъыр зэтезыIыгъэр. Зи бзэкIэ мыпсэлъэж лъэпкъыр кIуэдыжыгъуафIэщ. Лъэпкъыр щылъэпкъыр и бзэр иIэжу щытмэщ. АтIэ, шэч хэмылъу, а къалэн мытыншыр ди газетым ехъулIэныгъэ иIэу егъэзащIэ. Ауэ, абыкIэ иухкъым. Сыт и уасэ адыгэ къуажэ къэс и тхыдэм, абы къыдэкIа цIыху лэжьакIуэфIхэм ятегъэпсыхьа тхыгъэхэм уеджэныр! Апхуэдэ къабзэу, хуабжьу сигу ирихьу соджэ ди къуэш республикэхэм ятеухуауэ газетым къытрадзэ тхыгъэхэми.

Шэч хэмылъу, газетым и фIагъыр зи фIыщIэр абы елэжьхэращ. Псом япэрауэ, Абидокъуэ Люсанэ редактор нэхъыщхьэ зэрыхъурэ, газетым хуабжьу зихъуэжащ, ефIэкIуащ. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ, сыт хуэдэ къэхъукъащIэ темыпсэлъыхьми, ди гуи, ди пси яхьэху.

Сыхуейщ газетым щылажьэ псоми хъуэхъу вжесIэну: Гукъыдэж, узыншагъэ быдэ фиIэу фылэжьэну, гъащIэ кIыхь къывитыну Тхьэм жиIэ!

Шэч хэмылъу, къыдэкI газетым и бжыгъэр нэхъыбэ хъумэ, хуабжьу си гуапэт, лъэпкъым дежкIэ сэбэпышхуэ къихьынут. Унагъуэ псори абы хуэныкъуэщ.

БРАТХЭ Фатихь

ФСБ-м хъыбар фегъащIэ

Фысакъ!

Республикэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ къэрал унафэщI къулыкъухэм ягурымыIауэ куэду зэхуэсыну Интернетым и Iэмалхэмрэ мессенджерхэмрэ къызэрыхураджэм ехьэлIауэ, ФСБ-м и хэгъуэгу къудамэм фыщегъэгъуазэ: апхуэдэ Iуэхухэм къапэкIуэнущ административнэ, уголовнэ жэуаплыгъэ.

Хабзэ зэхэтыкIэм и къэухьхэм имызагъэ дэтхэнэ Iуэхури хабзэхъумэ къулыкъухэм я лэжьакIуэхэм ерыщу икIи икIэщIыпIэкIэ къызэтрагъэувыIэнущ.

«О собраниях, митингах, демонстрациях, шествиях и пикетированиях» Федеральнэ хабзэм и е 4-нэ статьям къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, цIыху куэд зыхэт зэхуэсхэр къызэрагъэпэщ, абы теухуа хъыбар щIыпIэ самоуправленэм и къулыкъум и чэзум ирагъащIэурэ. ХабзэкIэ зэхашэ пэкIумрэ щхьэрыутIыпщу ирагъажьэмрэ зэщхьэщокI абыкIэ къэрал унафэщI къулыкъум зэрыгурымыIуамкIэ.

ПэкIур зэхэзышэхэр властым и зыгъэзащIэ къулыкъум емызэгъамэ е зэрызэгурыIуа пэкIур нэгъуэщI щIыпIэ щызэхуашэсамэ, здэмыкIуапхъэ гъуэгукIэ дашэхамэ, апхуэдэ Iуэхур хабзэм и къэухьхэм къикIауэ къалъытэ. Ар къызэзыгъэпэщахэм Урысей Федерацэм административнэ хабзэншагъэхэмкIэ и Кодексым и 20.2 статьям ипкъ иту административнэ жэуаплыгъэ яхь. Абыхэм тезыр ирагъэт: къызэрыкIуэ цIыхухэм сом 20 000-м къыщегъэжьауэ 30 000-м нэсу е ирагъэзри, сыхьэт 50-м нэскIэ ягъэлажьэ, е махуи 10-кIэ яубыд.

Къытрагъазэу мы хабзэм и статьяр якъутэмэ, тезырыр хуэдэ бжыгъэкIэ нэхъ ткIиинущ. Ар нэсынущ сом 300 000-м, административнэу зэраубыдыр – махуэ 30-м. ЗэгурыIуэныгъэкIэ къызэрамыгъэпэща пэкIум зэрыхэтам папщIэ къызэрыкIуэ цIыхухэм тезыру ирагъэт сом 10 000-м къыщегъэжьауэ сом 20 000-м нэс, егъэзыгъэкIэ сыхьэти 100-м нэблагъэкIэ ягъэлажьэ е махуэ 15-кIэ яубыд.

ЗэрызэгурымыIуа Iуэхур цIыху куэд зыхэт хьэлэбэлыкъым хуэкIуэжамэ, абы хэтахэм Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 212-нэ статьям ипкъ иту уголовнэ жэуаплыгъэ къатохуэ икIи ягъэтIысынкIэ мэхъу илъэси 8-м къыщегъэжьауэ илъэс 15-м нэблагъэкIэ.

Фызыхуэсакъыж икIи къыхуеджэныгъэ нэпцIхэм задевмыгъэхьэх!

УФСБ-м и КъЧР Управленэм и пресс-къулыкъу

Щыгъуэ

«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ тщыхъуащ адыгэ газетым пыщIэныгъэшхуэ къыхузиIэ, лъэпкъым и нэхъыжьыфI Дыгъужь Барэсбий и щхьэгъусэ

Земфирэ (Беслъэнейхэ япхъущ)

дунейм зэрехыжар. Дахуощыгъуэ и унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ.

ТЕЛЕПРОГРАММЭ

гъатхэпэм (мартым) и **4-10**

ПОНЕДЕЛЬНИК 4

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)
9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (ног.) (0+)
14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

09:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 1 серия
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Экономика» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События дня» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Архызский лик» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 11;12 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

ВТОРНИК 5

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (черк.) (6+)
9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)
14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 2 серия
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Мой аул» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир
18:00 «Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 13;14 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

СРЕДА 6

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)
9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)
14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Экономика» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 3 серия
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 15;16 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

ЧЕТВЕРГ 7

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)
9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)
14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информацион-ный выпуск. (6+)
16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (абаз.) (0+)
17:00-Местное время. «Песни Абазашты». (абаз.) (0+)
21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Королева игры» 4 серия
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина»
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 17;18 серия
23:30 «События дня» (12+)

ПЯТНИЦА 8

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)
9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)
14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ремёсла» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «Культурный экспресс» (12+)
12:35 «Красота в деталях» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Новостёнок» (6+)
13:55 «Женский портрет» (12+)
14:35 Х/ф «Королева игры» 5 серия (16+)
15:30 «Концерт Черим Нахушев» (12+)
17:40 «Стихия» (6+)
18:00 Д/Ф «Небо. Самолёт. Девушки» (12+)
18:40 «Красота в деталях» (12+)
18:55 Стас Михайлов-Всё для тебя. Юбилейный концерт в Кремле (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 Д/п «Спасите, я не умею готовить. Иосиф Пригожин» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 19;20 (16+)
23:30 «Дом моих родителей» (12+)

СУББОТА 9

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (0+)

АРХЫЗ 24

00:00 «Красота в деталях» (12+)
00:10 Х/Ф «Королева игры» 5 серия
01:05 «Здоровье» (12+)
01:30 Архыз 24» представляет: «Республика традиций» (12+)
01:55 «Чат вдвоем» (16+)
02:55 Х/Ф «Стальные магнолии» (12+) субтитры
04:50 Д/Ф «Круиз-контроль» (12+)
05:15 «С чего начинается Родина»
05:30 «Капитальная стройка» (12+)
05:55 «Дежурная часть 09» (16+)
06:05 «Ваше право» (12+)
06:30 «Нур» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» программа
07:45 «Женский портрет» (12+)
08:30 Концерт «Play Vinyl Band»
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Архызский лик» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Тайна долины фонарей»
15:30 Мультфильм «Смешарики» (0+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 Д/П «Волонтёры» (12+)
18:45 «Красота в деталях» (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Послание в бутылке»
23:50 «Музыка» (16+)

ВОСКРЕСЕНЬЕ 10

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия. События недели».
Итоговая информационная программа. (6+)

АРХЫЗ 24

00:00 «Музыка» (16+)
01:05 «Мой аул» (12+)
01:30 «Проектная мастерская» (12+)
01:55 «Кавказская десятка» (16+)
02:55 Х/Ф «Пробуждение» (12+) субтитры
05:05 «Ваше право» (12+)
05:30 «С чего начинается Родина» (12+)
05:40 «Мой аул» (12+)
06:05 «Архызский лик» (12+)
06:30 «О земном и небесном» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» (16+)
07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры
08:30 «События недели» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Капитальная стройка» (12+)
12:25 «Разговорник» (6+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:30 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Весенняя сказка» (12+)
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Экономика» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
9:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Опустевший город» (16+) субтитры
23:50 «Музыка» (16+)

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ,
БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректор МУССЭХЭ Зуридэ,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ